

**Bòn nouvèl de bondye a**

*Yon pèspektiv nouvo sou krisyanis, bib  
la, l'egliz ak vi a*

Liv sa se yon kado ki te ba ou pa

---



# Enfòmasyon ki nan liv la.

## Entrodiksyon

1. Vi ki pap janm fini an.....	9
2. Bib la.....	13
3. Nan komansman an.....	19
4. Aprè dezobeyisans.....	23
5. Jezi.....	31
6. Sali a.....	37
7. pitye, ak gras.....	45
8. Aprè batèm nan.....	49
9. Legliz la.....	51
10. benediksyon an.....	59
PS. Yon lèt touchan (de yon nouvo frè nan Kris).....	61



## Entrodiksyon

Dokiman sa te ekri pou de kategori moun -sa yo k'ap chache repons kesyon yo nan baz sou bib la, krisyanis la, leglizla ak vi abondan, ak yo ki deja gen repons yo, men ki toujou ap chache, petet, yon pi bon fason pou yo pataje fòm koneksans sa a ak lot yo.

Premye gwoup la genyen moun ki prè pou aprann: Kèk nan yo kounyea gen timoun ki nan kay e santi yon bezwen pou yon pi bon oryantasyon, epi tou, yon chanjman de vi, pou nou kapab byen leve timoun yo.

Kèk ladan nan gwoup sa, yo fè eksperyans ak yon oswa plizyè difikilte, e evenman ki change lavi yo, tankou divos,

pèdi yon travay, soufri yon maladi grav, ou byen pedi yon moun key o renmen anpil. E sa ouvri je yo pou yo chèche Bondye. Pou nenpot rezon, yo jis prè pou chanje epi ap chèche gidans.

Dezyèm gwoup la konpoze ak kretyen ki gen bon kè e ki vle pataje levanjil la, men yo pa santi yo alèz pou fè sa. Sa vledi menmsi yo konprann bib la byen pou tèt yo men yo santi yo manke ekipe ase byen pou yo anseye lot yo.

Yo kapab ezite pou rantre nan lavi yon moun nan pou pè key o ka lakòz ofans. Yo pa vle nwi e kreye dezakò nan relasyon pèsonèl oswa profesyonè yo, men yo ta renmen pataje parol Bondye a ak tout moun ki pèdi yo.

Liv sa te kreye poul ranpli yon bezwen, pandan lap mete tout enfomasyon entotan yo nan yon sèl kazye ki fasil pou swiv, fasil pou konprann e fasil pou pataje.

Ak liv sa, moun nan k'ap chèche yon pi bon fasonon, pap jwenn repons sèlman ki klè ak egzat sou ki jan tout kesyon yo adapte ansanm, men li pral resevwa kèk konsèy sou fason ki pi bon pou yo avanse aprè yo fin resevwa enfomasyon fondamantal yo.

Ak liv sa, kwayan ki gen plis konesans lan pap bezwen enkyete sou kisa pou l' di. Nan mete liv sa disponib a lot yo, li kapab kitel sou yon tab, oswa prezante li kòm yon kado. Grenn nan pral fè chemen otomatikmanl trè rapid nan bon tè ki te prepare pou resevwal la- san yo pa ofanse pèsòn.

Se konsa, si ou se yon moun ki prepare pouw aprann sou bagay Bondye pou premye fwa, oswa yon kwayan ki kwè nan chèche yon bon fason pouw pataje bon nouvel la, liv sa se pou ou. Ke li beni la viw nan tout sans.





# 1

## Vi ki pap janm fini an

Vèsè ki kapab petèt pi site nan bib la mansyone ke: paske Bondye sitèlman renmen lèzom li bay sèl pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontrè y'ap gen lavi ki p'ap janm fini an.  
(Jan 3:16).

« Vi ki p'ap janm fini!» nou tout renmen ide sa a- espesyalman lè nou konnen se

nan syèl la sa pral rive kote ki p'ap gen ni chagren oswa doulè. « P'ap janm gen soufrans.» Sa se yon lide ki bèl anpil.

Alafen, rèv nou antan ke kretyen se pou nou ka genyen vi ki p'ap janm fini an epi ede otan de moun nou kapab pou yo genyenl tou. Men rèv nou pa sèlman « nan fen.»

Men tou li «nan mitan,» epi «kounyea.» Jezi di sa tou. Li di nou nan levanjil de Jan ke li te vini pou l te kapab bay nou la vi, e nou kapab genyenl an kantite. (Jan 10 :10).

Li t'ap pale sou gen yon lavi an abondans, konnyea ; yon lavi nan kè kontan ak lapè ak lanmou, malgre problèm nou rankontre sou wout nou chak jou; pa sèlman aprè nou fin pase yon lòt nivo nan vi sa.

Se konsa, koman yon moun kapab fè pou gen vi abondans sa, vi ki p'ap janm fini an pou l' swiv? Avan nou rive nan sa, nou bezwen fè yon travay de baz. Nou

espere prezante l' nan yon fason k'ap  
parèt klè.

Avan, an nou gade kek ti bagay de Bib la,  
paske se nan bèl liv sa nou kapab aprann  
repons ppou anpil kesyon yo, ki gen  
ladann kesyon sou vi ki p'ap janm fini an,  
epi fason pou nou ale nan syèl.



## 2

### BIB LA

Pou di sa tou senpleman, Bib la se parol ki soti nan Bondye, sa vle di, finalman, se te Bondye kit e ekri, men li te itilize men lòm pou ekri.

Malgre ke Bib la sanble ak yon gro liv, li se aktyèlman yon koleksyon swasant sis (66) ti liv yo mete ansanm nan yon sèl koleksyon. Liv sa yo gen ladan yo anpil varyete nan stil, epi nan fason yo ekri a. Divès kalite tankou: istwa, profes, pwezi, bon konprann, literati oswa lèt yo (ki rele epit nan kèk Bib), jis pou site kèk nan yo.

Bib la te ekri sou yon peryod apeprè 1500 ane nan twa lang diferan (Ebre, Grèk e Arameyen). Li te ekri sou twa kontinan diferan (Afrik, Azi, ak l'Ewòp) pa anvivon karant otè diferan.

Kom ou ka imajine, otè sa yo te soti nan klas diferan. Te gen gadò mouton, wa yo, profèt yo, pechè pwason yo, doktè yo, ak anpil lòt. Pèsonèlman, anpil ladan yo pat konnen yonn lòt.

Koleksyon liv sa yo pataje yon istwa ki sanble sou kreyasyon syèl la ak tè a, ak moun, epi ak si la yo ki ale lwen Bondye, epi Bondye te vin delivre yo e restore yo ankò.

Yo pataje tou yon tèm ki sanble, ki se gro lanmou Bondye pou tout moun, ak yon mesaj ki sanble sou sali a- sove de pini-syon ki p'ap janm fini an pou peche. Mesaj sa di ke sali a disponib pou tout moun ki repanti, sa vledi «vire do nan», peche

yo epi angaje yo pou yo swiv Bondye ak tout kè yo.

Anplis de sa nan pataje resanblans sa yo, swasant sis li sa yo pa gen okenn erè nan istwa oswa kontradiksyon.

Parol Bondye a se vrèman yon koleksyon ekriti merè ye. Eske ou ka imajine eseye rasanble swasant sis (66) liv diferan ki te ekri sou yon peryòd de 1500 ane pa anpil moun diferan ki gen fomasyon diferan e rasanble tout enfomasyon yo ansanm san erè oswa kontradiksyon ?

Bib la se sètènman mèt tout liv. Li se travay ak pawòl vrè mèt la, Bondye.

### *De gran seksyon*

Bib la divize an de gran pati. Premye a rele «Ansyen Tèstaman», li genyen ladan l nèf liv (39). Liv sa yo pale sou relasyon

ki genyen ant Bondye ak moun avan Jezi te vini.

Dezyèm pati a, ki rele «Nouvo Tèstaman», li genyen vensèt (27) liv e kòmanse ak levanjil yo (sa vledi «bòn nouvèl la») ki gen ladann Matye, Mak Lik ak Jan. Liv sa yo pale de lavi Jezi sou tè a, nan nesans li jis rive nan lanmò li ak rezireksyon li (li leve soti vivan pami mò yo) ak lè li monte (retounen nan syèl la).

Après sa nou jwenn liv Travay. Li pale nou koman etablisman legliz la sou tè a. Se nan liv sa nou jwenn anpil ekzanp sou batèm.

Après sa nou jwenn koleksyon ki pi laj yo, yo se venteyen tout ansam, pafwa yo rele yo «Epit». Sa yo se lèt ki te ekri voye bay plizyè legliz, oswa moun ki nan legliz sa yo, pou ede yo pi byen konprann ki jan pou yo sèvi Bondye ak jan pou yo trete yonn lòt nan fason Bondye vle.



Dènnye liv la rele Revelasyon. Li pale de fen tan an ak syèl la.

Antan ke kreyen, nou etidye pasaj nan Bib la pafwa chak jou, pou nou kapab eseye pi byen konprann Bondye, Kreyatè nou an, vle nou viv, antan ke Kreyati l pou viv. Nou konnen ke li renmen nou e vle sa ki bon pou nou. Epi se la nan «pawol li», ke nou chache repons li yo pou mennen nou.

Kounyea, ann retounen sou kes yon yo ki konsène la vi e sali selon Bib la.

**Remak:** Yon pati deskripsyon de Bib la nan premye mwatye chapit sa te retrove nan yon atik <http://www.christianministriesintl.org/articles/Bible-the-inspired-word-of-God.php> itilize ak pèmasyon.



# 3

## Nan komansman an

Nan komansman an, Bondye te kreye syèl la ak tè a. Li te tou kreye moun, komanse ak Adan epi Ev. Ou kapab li tout sa yo nan liv Genèz la, premye liv nan Bib la.

Nan yon premye tan, relasyon Bondye te genyen ak Adan e Ev la te pafè, paske yo te genyen tout konfyans nan li e obeyi l' nan tout sans.

Bondye te mete yo nan Jaden Eden, ki te vrèman bèl ! Jaden an te gen tout kalite bèl pye bwa ki te chaje ak fwi ki gen bon gou. Sèl travay Adan te gen pou l' fè nan Jaden an se te pran swen'l epi Jere pye bwa yo.

Bondye te bay Adan ak Ev anpil libète, e yon sèl bagay li te entèdi. Yo pat gen dwa manje fwi ki soti nan yon pye bwa espesyal ki te nan mitan Jaden an- se pye bwa ki te ka fè yo konnen byen ak mal.

Satan (dyab la) pat tèlman renmen bon jan aranjman sa ant Bondye ak lòm. Byen bonè satan te fè plan pou detri relasyon sa a. Lè li te tante Ev poul te manje nan fwi ke Bondye te di pa manje a, li te akseptè e menm pran tèt Adan pou l' manje li tou.

Kom rezilta, relasyon Bondye ak lòm te vin chanje. Yon dezakò vin ki pwodwi akòz dezobeyisans, te pran ne sans.

Kòm konsekans, Bondye te mete Adan a Ev deyò nan Jaden an epi pèmèt ke yo pa retounen. Sa vle di ke yo pat gen kote pou yo rete, epi you, sa te vle di yo pat t eke manje nan lot pie bwa Bondye te plase nan mitan Jaden an - Pie bwa de la vi a. Depi lè sa a, kantite tan yo tedwe viv te kontrole.

Bondye te fòse Adan (e tout moun nèt) pou travay di nan jaden yo pou yo kapab pran swen tèt yo ak fanmi yo. Depi lèsa a, pikan ak pye rakèt ki te soti nan Tè a, te ogmante problem ke yo ta pral rankontre.

Bondye te lakòz soufrans nan grosès Ev ak tout lot manman ki ta pral fè ti moun.

Pat gen amoni ankò. Te gen separasyon ak Bondye. Te genyen doulè ak soufrans ki te pran nesans. Vrèman, se te «paradi ki te pèdi».

Men lanmou Bondye pou Adan ak Ev te toujou la. Pat gen anyen ki te chanje. E li te renmen pitit pitit yo. Li te anvi retabli relasyon sa ki te brize ant li menm ak lòm. Li te anvi retabli lavi ki p'ap janm fini an a tout pitit li yo sou tè a.

Li te tèlman jis (tankou nan «jistis li»), li pat kapab fè sa san pat gen yon moun pou te peye pri pou peche yo.

Après yon tan, Adan ak Ev ak pitit pitit yo te peple tè a. Ou kapab li sou gran yon pakèt pitit pitit nan de premye liv nan Bib la, Genèz ak Ekzòd.

# 4

## Aprè moun yo te fin tonbe nan peche

### Abraram

Malgre te genyen anpil gran pèsonaj enpotan nan komansman tan an, yonn nan pi gran pèsonaj yo te rele Abraram. Li te vrèman espesyal akòz de konfyans li nan Bondye. Li te vrèman fè Bondye konfyans malgre sitiyasyon yo te trè difisil.

Akòz de gro konfyans sa, Bondye te promèt Abraram ke pitit pitit li yo ta pral multipliyè tankou se zetwal yo nan syèl

la, e tout nasyon sou latè ta pral beni akòz li.

Malgre Abraram pat konprann sa nan moman an, men pitit pitit ki ta pral beni tout nasyon sou latè a se te Jezi.

Abraram ak madanm li Sara, pat gen pitit padan plis pase yon santèn lane. Finalman, yo te vin fè yon pitit ki te rele Izarak, ki aprè vin genyen de pitit gason, Ezaou ak Jakòb.

### *Jakob (ak pitit gason l', Jozèf)*

Jakòb, Ke Bondye te vin chanje non li an Izrayèl, te gen douz (12) pitit gason. Yonn nan pi jèn nan pitit gason li yo, Jozèf, li te pi renmen, sa te fè lòt frè yo jalou anpil.

Lè yo te jwen okazyon, frè yo te vann Jozèf ak kèk machann esklav ki te sou wout yo pou peyi Lejip.



Aprè plizyè evènman li te rive eleve nan yon pozisyon de lidèchip ak pouvwa, Jozèf te prevwa ak èd Bondye, nan yon ti moman tal pral genyen sèt lane bon rekot ak sèt lane grangou.

Kom rezilta enfomasyon sa a, Farawon (Wa a) te mete Jozèf an chaj nan konstriksyon anpil depo ak magazen, pou l te ka rezève anpil grenn pandan sèt bon lane yo pou l' te kapab prepare pou sèt difisil ane ki ta pral vini yo. Lè moman grangou a te vin rive, Farawon, mete Jozèf responsab pou l distribye grenn sa yo ke li te rezève a bay moun yo.

Ejipsyen yo pat sèl pèp ki te fè fas ak moman grangou a. Lòt vwazen ki sou kote yo te fè fas ak problem grangou tou. Lè papa Jozèf, Jakòb, te tandè gen grenn disponib nan peyi Lejip, li te voye pitit gason l' yo achte grenn pou l' te kapab pran swen gro fanmiy sa ke li te genyen an.

Lè frè yo te rive nan peyi Lejip, e te wè

Jozèf, yo pat rekonèt li antan ke frè yo. Men Jozèf te rekonèt yo antan ke frè l', sepandan, li pat gen oken rankin nan kèl kont frè l' yo. Li te konprann ke tout sa ki te rive a se te pou akonpli volonte Bondye.

Finalman, Jozèf te prezante tèt li bay frèl yo, e pita l'ta pral rekonekte ak papa li ankò ak kè kontan. Akòz grangoutap pran yon titan pou l' fini, Jozèf te konvenk papa l' pou l' te deplase tout fanmiy li pou al viv nan peyi Lejip kote bezwen yo t'ap ka satisfè.

Aprè Jozèf ak frè l' yo te fin mouri, pitit pitit jakòb yo «pitit Israyèl yo», te miltipliye anpil anpil. An reyalye, te gen plizyè santèn de milye nan yo, oswa pi plis.

Pèp sa ki tap miltipliye vrèman rapid te komanse enkyete lidè peyi Lejip yo. Nan perèz pou yo pat anvayi pa pèp Izrayèl la, Ejipsyen yo te deside mete yo nan esklavaj pou yo te ka gen kontròl yo. Se konsa, moun pèp Izrayèl yo te tonbe

nan esklavaj e pase kat san lane nan siti-  
yasyon sa. Lè pèp Lejip la tap fè yo sou-  
fri tròp, pitit Izrayèl yo te kriye nan pye  
Bondye pou l te kapab ede yo. Bondye te  
tande kriye yo, epi li voye Moyiz di Fara-  
won «kite pèp mwen an ale»!

Farawon pat vle kite pèp la ale premye  
fwa, men finalman li te vin dakò aprè  
lè Bondye te voye 10 kalamite sou moun  
peyi Legip yo. Farawon te vin chanje  
lide'l, sepandan, aprè pèp Izrayèl la te  
finn libere pou yo ale kote Bondye te pre-  
pare pou yo a, epi Farawon voye lame li a  
pou te mennen tounen pèp Izrayèl la.

Pou l ka ede pitit li yo, Bondye te se-  
pare lamè rouj la an de e pèmèt pèp li a  
travèse ak pye yo san yo pat mouye. Lè  
lame moun peyi Lejip yo te rantre nan  
lamè a tou pou yo te travèse, Bondye te  
kite lamè a reprann plas nòmal li e tout  
solda moun peyi Lejip yo te mouri.

Ou kapab li tout evènman enkwayab sa  
nan liv Ekzòd

## *10 Komandman Yo*

Se te nan moman pitit Izrayèl sa yo, ki te delivre a t'ap monte desann nan dezè a, ke Bondye te bay Moyiz de wòch plat yo kote li te ekri dis komandman yo.

Bondye te pale Moyiz tou sou anpil lòt lwa, fèt memorab pou sonje kèk moman nan pase yo, sakrifis ak abitud ke pèp Izrayèl la te dwe obeyi ak ekzekite pandan peryòd sa a.

Sepandan, yo pat toujou obeyi lwa yo byen- yo te apre tou, moun tankou nou! Ofri sakrifis te fason ke Bondye enstwi yo pou yo te kapab mande padon pou peche yo, malgre sakrifye bèt pat kapab retire peche yo totalman.

Pitit Izrayèl sa yo te finalman resevwa branch tè pa yo kote yo te dwe rete. Sa te vin devni wayòm Izrayèl. Kèk ane aprè te vin gen gro division nan fanmiy Izrayèl la.

## *Wayòm Jida a*

Dis branch fanmiy nan zòn Nò yo te retire kò yo nan de branch fanmiy Sid yo (ki te konpoze de) Jida ak Benjamen.\* Gwoup moun nan sid yo te vin rekonèt sou non Wayòm Jida. Se nan Wayòm sa a se nan Wayòm yom sa a. Se nan Wayòm Jida a, Jwif yo, ke Jezi te soti.

Pandan ane ke Pèp Bondye a te esansyèlman abandone Bondye, epi te komanse adore anpil lòt dye etranje ak zidòl. Pou rezon sa, li te pèmèt pèp Babilòn lan pran yo epi mete yo nan travay fòse epi detwi tanp lan.

*Yonn lòt nan tribi yo, tribi Levi a, ke moun yo te konnen sou non Levit, pat resevwa oken tè paske gason nan tribi sa a, se te prèt ki te responsab pou prezante sakrifis pou tout moun. Pou yo kapab fè sa, yo te oblije gaye andedan tout lòt tribi yo. Nan tan sa, moun relijye yo te vin pi asosye epi prezante nan wayòm Juda a.*

Aprè swasanndis ane nan peyi Babilòn, kèk Jwif ki te nan travay fòse yo te resevwa pèmisyon pou yo te retounen nan Tè Sent la-lavil Jerizalèm lan, pou yo te ka rekonstwi tanp lan ak vil la- ak yon nouvo apresiyasyon nan obeyisans.

Kòm rezilta, yo pat adore dye etranje ni zidòl ankò, men yo te estrikteman respekte règleman yo, ansanm ak entansyon pou yo pat twonpe règleman yo. Nan kèk tan pase yo te vin devni bon fanatik nan respekte règleman yo.

An reyalite, yo te vin tèlman sensè nan respekte règleman yo, yo te konplètman komanse manke rezon ke yo te resevwa règleman yo. Konpreyansyon ke yo te manke a te finalman lakòz dezakò nan mitan yo, e menm ak Jezi, pwòp pitit gason Bondye a.

# 5

## Jezi

Lè lè a te rive, Jezi te fèt de yon vyèj ki rele, Mari. Sentepri a, ki se Bondye, se te vrè papa li. Nan reyalite ke Jezi se te pitit Bondye e an menm tan li te pitit «moun».

Malgre li te etone anpil entèlektyèl Biblik yo ak konesans e bon konprann li lè li te gen sèlman douzan, Jezi pat ofisyèlman komanse ministè li ke jouk lè li te rive nan laj trantan. Se lèsa li te komanse

chèche rekonsilyasyon, sa vle di restore, relasyon ant lòm ak Bondye.

Malgre ke Ansyen Tèstament te konn pale de yon sovè, yon Mesi ki te dwe vini, Chèf relijye yo nan moman Jezi a, te refize aksèpte ke li se te Mesi a.

Yo te konsidere li tankou yon moun ki t'ap simen problèm e te toujou kontinye deranje kwayans moun ki kwè nan relijyon yo. Nan zye pa yo li te yon sous problèm ki te dwe sispann, nenpòt jan.

Nan yon fason jan yo te wèl la te jis. Li te yon moun k'ap simen problèm pou si la yo ki te plis enterese nan kenbe règ ak disiplin relijye olye yo montre lanmou pou Bondye ak frè parèy yo.

Li te yon moun k'ap simen problèm pou tout moun kite santi yo pi siperyè, epi pi relijye, e te fòse sa sou lòt moun olye yo te ankouraje yo, konfòte yo ak fè yon diferans pozitif nan lavi lot moun yo.



Vi Jezi- mesaj li- te trè diferan de tout sa ki te ki te pase déjà, oswa panse ke li te chanje mond lan.

Olye pou li anseye «je pou je, ak dan pou dan» li te anseye, si yon moun frapew nan vizaj dwat la, vire lòt bò a tou (Matye 5 :39).

Olye pou li anseye, « renmen frè parèy ou e rayi moun ki rayi w yo,» li anseye, renmen moun ki rayi w' e priye pou sa yo k'ap pèsekite w'. (Matye 5 :44).

Olye pou li montre jistis li devan moun yo, Jezi te anseye, Sila a ki vle vin pi gran nan mitan ou dwe yon sèvitè (Matye 20 :26).

Li te kwè e anseye sa ki te rekonèt kòm règ an lò, ki sete, fè pou lòt yo sa ou vle yo fò pou ou (Matye 7 :12).

Jezi te enb, e li te anseye disip li yo pou yo te fè menm bagay la tou. Li te anseye yo pou yo pa montre patipri men pou yo

trete epi renmen moun pòv yo menm jan yo fè pou moun rich yo (Jak 2 :3).

Li te gen volonte pou sèvi lòt yo, e anseye disip li yo ke yo pa dwe panse trò wo de tèt yo, ke fason yo ta dwe panse, men konsidere lòt yo pi wo ke yo (Women 12:3; Philipyen 2:3).

Jezi pat janm pratike relijyon li ak yon atitid pou te enpresyone lòt moun paske li te jis. Tout panse li, se te pou li te chèche ak sove sila yo ki te pèdi, epi pote lwanj ak onè e bay Papa li ki nan syèl la (Matye 6 :1 ; Lik 19 :10 ; Jan 14 :13).

Jezi te vini e montre nan fason l'ap viv ak ansèyman li yo, ke Bondye te vle plis pase yon moun ki sèlman ap kenbe yon seri règleman. Li vle kè nou. Li vle lanmou nou- Pou li e pou lòt frè parèy nou. Se lèsa ke nou ka viv yon vi konplè.

Finalman, jan sa te konn pale a, lè li te gen trann-twa lane, moun relijye nan tan

li yo te krisifye li- yo te klodel sou yon kwa. Pou fè sètifye ke li te mouri, yo te pèse bo kòt li ak yon pik. Li bay anpil san pandan li te toujou pandye sou kwa a.

An nou reflechi sou bagay sa. Moun ki pi relijye nan tan li a, sa yo ki te sipoze ap chèche Mesi a- Se te yo menm ki te krisifye li.

Sa montre nou ke paske yon moun relijye pa vledi ke li se yon moun Bondye, oswa dwat pou sa. Pa janm bliye sa. Li toujou yon verite jouk jodia.

Aprè lanmò li, jezi te vlope nan yon rad yo konn vlope mò epi yo te depozel nan kavo a. Men istwa a pat rete la. Twa jou apre sa li te leve vivan pami mò yo. Li te parèt devan disip li yo ak devan plis pase senk san moun.

Lè sa a, aprè karant jou, Jezi te retounen nan syèl la pou prepare yon plas pou si la yo ki ta kwè nan li.



# 6

## Sali a

*Avan li retounen nan syèl la, Jezi te pale ak apòt Li yo. Yo se moun ke li te chwazi spesyalman pou yo te kontinye travay la aprè li te fin monte nan syèl la. Li te ba yo lòd ale lavil Jerizalèm epi rete tann sa li te promèt yo a.*

*Sepandan yo te rete ap tan nan Jerizalèm epi Sentespri a te vin sou yo epi te ba yo pouwa pou fè mirak ak pale an lang yo pat janm etidye ak anonse bon nouvèl ki pale sou Jezi ak Legliz li a.*

*Se te pandan evènman memorab sa yo ke Pyè, yonn nan apòt yo, te di fowl moun yo tout bagay ki te rive, ak sou ki jan Jezi, ke moun yo te rive kloure sou kwa a, te vrèman pitit Bondye.*

*Bib la di nou sa ki te rive aprè sa. Li di ke Pyè te di fowl moun yo.*

«Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen:  
Jezu, nonm nou te kloure sou kwa a, se li  
menm Bondye fè Senyè, se li menm Bondye fè  
kris la».

Lè pèp la tandè pawòl sa yo, yo santi kè yo  
boulvèse. Yo mande Pyè ansanm ak lòt apòt yo:

«Frè nou yo, kisa pou nou fè?»  
Pyè reponn yo: Touunen vinn jwenn Bondye,  
epi bayize, chak nan nou, nan non Jezikri, pou  
Bondye padonnen tou peche nou yo. Apre sa,  
n'a resewa Sentespri, kado Bondye a.  
Promès la, Bondye fèl pou nou, pou pitit nou  
yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout  
moun Bondye, Mèt nou, an va rele vin jwenn li.

Pyè t'ap di yo anpil lòt pawòl ankò pou l te  
fè yo kwè, pou l te ankouraje yo, li t'ap di yo  
konsa:

Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan moun  
pèvèti sa yo.

Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap di a, yo te

*resevwa batèm. Jou sa a, te gen twamil (3000) moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo. (Travay 2 :36-41)*

## ***Komansman legliz la***

*Sa a te aktyèlman komansman legliz la, lè Bondye te ajoute twamil (3000) mounsa yo nan liv de vi a.*

*Epi sa, nan gwo bagay yo, se lè sa moun yo te rekonsilye (te fè dwat) ak Bondye.*

*Malgre ke jodi a pa gen yonn nan nou ki te la lè Ev ak Adan te separe ak Bondye, malgre yonn nan nou pat la fizikman lè yo te kloure Jezi sou kwa a, verite a se lè nou peche jodi a, nou koupab de pwòp separasyon nou ak Bondye jan yo menn yo te koupab nan tan yo a.*

*Bib la konfime ke nou tout se pechè, nou tout. Men Bib la tou konfime ke nou chak kapab rekonsilye, restore e retounen vin jwenn Bon-*

*dye. Nou kapab fê sa lè nou devni kreyen,  
pitit Bondye*

## ***Koman ou ka devni yon kreyen ?***

*Pou nou fêsa, nou dwe tout bon vre kwè  
epi konfese ke Jezi se Kris la, pitit Bondye a  
(Women 10 :9-10); nou dwe repanti, ki vledi  
vire do bay peche nou, epi batize nan non  
Papa, ak Pitit la, ak Sentespri a pou peche nou  
kapab padone. Lè sa a nou pral resevwa kado  
sentespri a epi Bondye ap ajoute nou nan  
legliz li a (Travay 2 :38-41). Se konsa li senp.  
Se sa ki baz la.*

## ***Kilè yon moun ka devni yon kreyen?***

*Anpil moun krent pou devni kreyen paske  
yo santi ke yo pa konnen ase sou kisa Bib la  
anseye. Yo panse ke yo dwe rete tann jiskaske  
yo konnen anpil nan Bib la avan sa.*



*An verite pifò batèm ki nan Bib la te rive fèt apre yon ti kras ansèyman- jeneralman apre yon prèch. E Bib la fè referans a nouvo kretyen yo tankou ti moun piti ki apèn fèt, epi li di yo pou yo bwè pi bon kalite lèt la, ki se paròl Bondye a, se konsa yo kapab grandi (1Pyè 2:2).*

*Menm jan ak timoun ki fenk fèt, anpil bagay yo aprann epi devlope pran plas aprè nesans/batize, sa yo pa rive avan. Ou jis bezwen konnen epi kwè nan prensip fondamantal yo sou Jezi tankou jan sa endike nan paragraf anwo yo.*

*Anpil moun krent devni yon kretyen paske yo santi yo pa bon ase. Yo vle rete tann jiskaske yo mete vi yo anba yon pi bon kontròl anvan yo fè yon pi gran pa.*

*Sa yo se panse ki nòb, men yo manke pi bon pati a. Verite a sè ke ou p'ap janm bon ase- nenpot jan ou ta eseye. Nenpòt jan ou eseye l'ap toujou enposib, paske ou p'ap janm, nan yon milyon ane, bon ase, nan pwop efò paw, pou merite sove oswa pou ale nan syèl. Sa kapab rive sèlman pa gras Bondye.*

*Se paske Jezi te tèlman renmen nou anpil ke li te aksèpte vini e mouri nan plas nou. Lè ou kwè, epi ou tounen vin jwenn Bondye, konfese epi ou batize, peche w vin devni peche Jezi epi sentete l' vin devni sentete paw.*

*Batèm ou an-desann nan dlo epi leve ankòse yon ekspresyon de konfyans ki senbolize lanmò ansyen vye ou menm kom pechè, antèman vye ou menm, epi rezireksyon nouvo ou menm, kapab sen.*

*Ou netwaye pa san Jezi e depi jou sa a, jiska kontinye san li/ sakrifis li kontinye ap lave peche w yo.*

*Nou te pale de gras Bondye yon ti tan dèja. Nou bezwen di yon ti kras anplis sou sa epi sou pitye Bondye tou kon sa. Yo tou de vrèman enpotan.*

# 7

## Gras ak Mizèrikòd

### Gras

Gras la sinifi «yon favè ki pa merite». Li vle di ke Bondye bay nou yon kado (lavi ki p'ap janm fini an) ke nou pa merite e ke nou pa kapab genyen ak fòs pa nou. Se yon kado gratis ke li chwazi bay si la yo ki chwazi pou yo kwè nan li.

Paske nou pa kapab ganye l, paske se yon kado gratis ke Bondye bay, nou dwe toujou kontinye bay Bondye glwa a paske li sove nou.

Se pa paske li bezwen glwa oswa lwanj

la. Li se Bondye! Paske li se Creyatè nou, li konnen ke lapè, lanmou, ak lavi abondans ka satisfè nan vi nou, si Sèlman nou aksèpte koube e reknoesan li pou benediksyon li bay nou.

Si nou ogèye akòz de gran renome pèsonèl ke nou genyen nan sosyete a, nou diminye bagay ki ta pral fè nou gen vrè kontantman an.

### **Mitzèrikòd**

Sou lòt bò gras sa a nou jwenn mitzèrikòd. Gras vledi ke nou benefisye de yon bagay ke nou pa merite, epi pitye vledi ke Bondye pa ban nou sa nou merite, pinisyon ki p'ap janm fini an ak separasyon ak li pou tout tan.

Lè Jezi mouri pou nou, li pran peche nou mete sou tèt li e an reyalite li vin devni pechè nan plas nou. Li te pran sa li pat

merite, kifè ke nou pa te oblije sibi menm bagay la. E lè li te leve soti vivan nan lanmò a, li genyen batay la sou djab la pou byen nou. Li ranpòte laviktwa pou tout tan.

Nou gen opòtinite kounyea pou nou rejwenn Kris nan viktwa sa a si nou mete konfyans nou nan li, konfese non li, vire do bay peche nou yo, antere ak li nan batèm epi resisite ak li ankò nan yon nou-vèl vi.

Ladan nan «nou» se «ou menm», Ou gen opòtinite pou w devni pitit Bondye. Pa kite gro benediksyon sa pase san ou pa benefisyel.

Li te vrèman mouri pou ou. Epi li vrèman renmenw- jan ou ye a. Aksèpte gras li ak pitye li, epi w'ap devni yon kreyati nouvo nan li.

Si ou prè epi gen volonte pou ou fè pa enpotan sa a, kontakte yon moun ki nan

wout sa déjà pou w kapab rann sa posib.  
Pa mize sou sa. Paske li twò enpòtan.

# 8

## Aprè Batèm

Epi ki sa ankò? Ki sa ki rive aprè batèm? Sa se yon bon kesyon ! Nou kontan ke ou poze kesyon sa.

Antanke timoun ki fenk fèt, nou bezwen nitrisyon. Nou bezwen fanmiy. Nou bezwen lanmou. Tout bagay sa yo nesèsè pou kapab kontinye ede nou grandi jouk nan matirite, timoun ki gen bagay Bondye nan memwa nou. Epi sa a se yon proses ki long k'ap kontinye pou tout tan nou sou tè a.

Epi li pral enposib si se pa nan tèt kole ak  
lòt kretyen ki gentan gen anpil matirite  
nan vi kretyen nan ke nou menm oswa  
nenpòt nouvo kwetyen ki ta genyen. Nou  
bezwen bon sipò sa yo. E se la nou pral  
wè enpotans legliz la.



# 9

## Legliz la

Mo «Legliz la» vle di asanble, si la yo ki resevwa apèl pou yon rezon byen detèmine. Li itilize nan yon sans ki pi laj, ke sa vledi genyen vrèman yon sèl legliz- Si la ke Senyè a ajoute ou ladann lè ou batize.

Nan yon sans ki byen detèmine, nou itilize tou mo «legliz la» pou nou pale de yon ti group moun ki kwayan yo, yon group disip yo, ki rankontre chak lè nan yon plas pou yo ankouraje yon lòt e pou yo etidye parol Bondye pou yo ka konnen Bondye pi byen e aprann ki jan pou viv vi kretyen nan.

Moun itilize pafwa mo «legliz la» pou yo pale de yon kay, men sa pa vrè legliz la». Vrè legliz la se moun yo, disip yo, kretyen yo.

### *Trouve «vrè legliz la»*

Antan ke yon nouvo kretyen, li vrèman enpotan pouw trouve yon legliz kote yo renmen Bondye- yon Legliz ki gen yon kè ki dwat epi espri pou fè sa ki bon. Gen kèk bagay pou nou kenbe nan lespri nou nan fason sa a.

Premyèman, sonje sa nou te deja pale. Paske yon moun relijye sa pa vle di ke li dwat pou sa. Sa pral toujou yon bagay reyèl nan vi a. Kenbe sa nan panse nou.

Dezyèmman, menm jan genyen fanmi dezalòd k'ap leve timoun pou devni move granmoun, se menm jan tou, genyen fanmi espartyèl legliz k'ap anseye bebe nan levanjil yo, bebe espartyèl. Evite tip de fanmi sa yo nenpòt jan ou kapab.

Olye de sa, trouve yon legliz ki an santé spirityèlman- yonn ki renmen ak sousye, epi kifè w' anvi tankou Jezi chak semèn, yonn ki rechaje batri w' yo, men pa sa kap retire chaj nan yo.

Sa pa vle di ke ou pral jwenn yon legliz ki san problem. Gen bagay pozitif ak negatif nan chak gwoup moun. Aprè sa, gen anpil bèl moun ki pratike lanmou nan anpil legliz. Se konsa, chache legliz k'ap nourri w plis la, ede w nan bezwen, epi ede w grandi.

Ki jan ou ka trouve legliz sa ki renmen Bondye a? An nou chèche repons sa nan Bib la.

### *Lanmou*

Bib la di, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye, si nou renmen yonn lòt (Jan 13 :35). Yon lòt kote nan bib la

Jezi te di sa pi gro komandman an se renmen Senyè a Bondye nou ak tout kè nou ak tout nanm nou epi ak tout lespri nou. E dezyèm komandman an li di: renmen prochen w tankou pwòp tèt paw (Matye 22:37-40). Nan baz vèsè sa yo, premye bagay pou nou chèche nan yon legliz se lanmou kwayan yo pou Bondye e pou lòt moun (Ki gen ladann tèt out).

Si yo rete byen lwen ou, epi yo pa apresye moun ki bò kote yo, oswa si yo aksèpte fè bagay ki pa nan volonte Bondye epi bat pou gen kontròl tout bagay, sètènman ou nan move plas la. Si ou pa wè epi santi lanmou, kontinye chèche.

### *Etid Biblik*

Yonn lòt eleman prensipal pou nou gade, se konbyen manb legliz la ki etidye Bib la epi depann sou pawòl Bondye, ki se Bib la, ki detèmine nan ki sa ke yo kwè. Gen anpil pale nan kèk legliz sou «Bib la di sa»

oswa «Bon liv la di sa», men yo pa janm montre w vrèman kote li di sa oswa sa.

Nou dwe detèmine nan mande, «ki kote Bib la di sa? Montre m'». Apre sa asire ou ke lè yo ba ou yon repons li «bon». Si yo komanse fè bak oswa eseye ba ou repons komik, sa kapab yon siy ke yo pa vrèman chèche verite a nan pawòl Bondye. Ou ka petèt bezwen kontinye chèche.

La Priye

Yon twazyèm eleman kle ke nou bezwen kontinye priye sou li pou Bondye kapab montre nou chemen an. Priyè se senpleman mwayen pou nou kapab pale ak Bondye- remèsyèl pou tout sal fè epi mandel pou l' gidew.

Mande l' pou l' ka edew jwenn yon legliz ki fè l' plezi. Mande l' pou l' gidew epi ede w grandi pèsonèlman. Mande l' bon konprann. Li remen lè ou mande l' bon konprann. Li te pwomèt l'ap bay bagay sa yo (Jak 1 :5).

## *Sentespri*

Katriyèmmann, koute lespri Bondye a. Sonje sa Pyè te di lè premye kretyen yo te batize? Li te di yo (e nou menm tou) ke yo pral resevwa kado Sentespri a. Sa vle di, yo pral resevwa Sentespri a (ak nou tou) tankou yon kado.

Sentespri a pral avèk ou, pou l' gide w epi konfòte w'. Si ou nan yon legliz epi ou pa santi w byen, li kapab ke Sentespri a vle kominike w' ke ou pa non bon plas la.

Bon legliz la p'ap fè lestomak ou boulvèse. Bon legliz la ap enspirew pou w chèche volonte Bondye epi fè yon diferans nan lavi moun ki bò kote w. Si ou poko espreyans soulèvman epi ankourajman, kontinye chèche. Paske ou poko jwenn bon plas la.

Nan tan sa a, ak psasyans epi priyè, ou pral jwenn vrè rezilta a. Epi lè sa ou pral santi ke ou «lakay ou».

## *Jwenn yon konseye*

Nou enkouraje w pou jwenn yon konseye- yon moun ke ou fè konfyans epi respekte pou bon ekzanp ke li trase devan w. Chwazi yon moun ke ou admire, yon moun ke ou renmen e ki janti epi kontinye ap lite pou l' grandi epi nourri nan konsèy Senyè a. Si ou pa ka panse ak yon moun nan nivo sa, konsidere moun ki ba ou liv sa, oswa yon moun li ta rekomande.

## *Teknoloji Modèn*

Ou kapab vle iitilize teknoloji modèn pou fasilite kwasans ou. Ak entènèt la, li fasil pou w rete konekte ak kwayan yo nan tout kwen mond lan.

Menm ke pa gen ranplasan pou yon si bèl group kretyen ki mete tèt ansanm, opòtinite pou etidye ak aprann epi opinyon lòt moun an liy kapab yon gro benediksyon si yo itilize bon konprann.

Epi, gen anpil bon resous sou sit entènèt yo tou. Sa yo se bagay enpòtan ke yo ye.

### *Fe yon diferans*

Finalman, ale deyò a epi fè yon diferans nan lavi lòt moun yo. Ki nan antouraj ou. Ou pa bezwen rete tann pou w komanse fè yon diferans. Anpil nan moun ki pi efikas nan pataje pawòl la se si la yo ki pa gen lontan depi peche yo te lave nan san Jezi. Si ou pa konnen sa pou ou di, jis bay moun ti liv sa.

Pa ezite! Pataje Pawòl Jezi Kri a ak lot yo. Epi answit travay pou vin devni yon konseye pou si la yo ki pa tro lwen wout la tankou ou. Sa pral yon esperyans k'ap grandi epi epi pote fri nan vi w.

E bay toujou, toujou, toujou, ban Bondye glwa an. Ke Bondye kapab beniw anpil, pandan ke w'ap fè efò pou w fè volonte l'.



# 10

## Benediksyon

Nou espere ke liv sa te yon benediksyon pou la vi w. Nou ta trè kontan gen opinyon w, oswa sijesyon ki ka ede nou fè liv sa menm pi bon. Kontakte nou nan enfòmasyon ki nan do liv la.

Nou ta renmen priye pou ou, sou non ou, si mesaj ki nan liv sa te touche vi w. Si ou devni yon kretyen, epi kounyea devni yonn nan frè oswa se nou yo nan Kris, tanpri fè nou konnen pou nou

ka leve non ou nan lapriyè devan Papa nou ki nan syèl la. Sa t'ap bay nou anpil jwa pou kapab remèsye Bondye paske li pèmèt ou fè yon pati nan li, ak nan fanmiy nou an.

Si konfyans ou nan Bondye te renouvel, rafrechì ou gen plis enèji pa mesaj espwa sa a, tanpri, fè nou konnen sa tou, pou nou ka ofri yon priyè de kontantman epi remèsiman ak ou epi pou ou.

Si ou genyen yon istwa ou vle rakonte, tanpri pataje sa ak nou. N'ap vrèman santi nou beni si ou fèsa. Si ou genyen yon kesyon sou sa nou ekri yo, oswa bezwen kontakte nou pou nenpot rezon, senpman fè nou konnen epi n'ap vrèman kontan reponn.

## **P.S.**

### **Yon lèt touchan de yon nouvo frè nan Kris**

Note: Zanmi m', Emma, gen yon ti gason, Randy, k'ap viv nan Nò Karolina. Lè Emma t'al vizite Randy, ane dènyè, li te ale ak yon kopi Bon Nouvèl Bondye a, epi li te depoze li sou tab kote Randy fe kote a. Zanmi Randi a (ki se yon moun ki timid anpil epi te mande ke nou pou pa itilize non li) li te wè li, li liv la epi finalman te voye istwa li ban mwen nan telefon Emma a (li te pran tout lèt la nan telefòn Emma). Li te tou dousman voyel tankou yon gro paragraph. Mwen te separel an ti moso poum te ka rann li pi fasil pou li. Ou kapab li l' pi ba a.

«Mesye Dennis mwen tande ou te bezwen tande istwa mwen, mwen zanmi ak Randy pandan yon bon titan. Madam Emma te tankou yon dezyèm manman pou mwen. Li te kenbe nou sou liy dwat lè li tap viv isi a. Lè li te kite m', mwen te trouve m' nan anpil anpil problèm. Apre yonn nan gro siklòn yo. Gen moun ki te konvenk m' volè baton yo, yo te kolekte sou asirans la. Lè yo te kenbe yo nan fè frod sou asirans, yo te di, tout sa se te ide pa mwen, yo pat konnen anyen sou tout plasi sa, pou rezon sa mwen te ale nan prizon pou katran.

Mwen te pase tan ke mwen te dwe pase a, e m te pase anpil tan ap reflechi. M'ap tou jou mande tèt mwen ki jan m fè mete tèt mwen nan dezòd sa e chanm prizon an te kontinye ap pi piti de jou an jou. Tan t'ap pase. Mwen pat blanmen pèsòn, sel tèt mwen, pou problèm sa ke mwen te enplike ladann nan. Lè mwen te soti nan prizon an pat gen anpil nan zanmi mwen

yo ki te vle pale avèm. Men Randy te toujou lèsem vin vizite.

Se te nan mwa Jwen ke Mama te vin vizite. Te gen yon liv sou tab kafel la. Mwen te pran li epi m' tap gade li. Li te vrèman fasil e senp menm pou mwen. Mwen te santi ti moso sa yo te komanse vini nan mwen. Mwen te kontrole pou m' te li tout liv la nan anviron dezè de tan epi mwen pa konn li trò rapid. Nan demen maten lè mwen t'ap travay sou dlo a, solèy la te pi klere epi mond lan te vin pi bèl.

Nan kè mwen te gen tan konnen ke Bondye t'ap pale avèm, mwen te konnen ke mwen te enpòtan pou li, mwen te konnen ke Jezi te mouri pou peche mwen yo. Mwen te konnen ke sa se te tan mwen, men mwen pat fè anyen. Jezi te padone mwen. Mwen te konnen ke mwen te totalman netwaye e ke Bondye te renmen mwen. Mwen te gen yon souri sou lè mwen jou sa ke mwen pat janm genyen avan. E apre sa, mwen te anvi pataje kè

kontan sa. E aprè sa ou te voye plis liv lakay Randy.

Frè m' te nan prizon e mwen te voye yon kopi pou li. Bon zanmi mwen Alex ak Jimmy te nan prizon epi mwen te voye yon kopi pou yo. Alex ak Jimmy te delivre e mwen kontinye ap travay sou frèm nan. Chak Jou mwen leve, mwen te wè solèy la ki t'ap briye sou dlo a epi mwen te santi sa se Bondye ki dirèkteman ap briye sou lavi m'. Mwen pat janm santim te enpotan konsa pandan tout vi mwen. Ke Bondye ta pral voye pitit gason presye l' la mouri pou mwen.

Ou wè ke mwen pa yon moun konsa konsa. Mwen menm mwens ke sa. Yon ti pechè pwason ki fè erè. Mwen pat janm konn li Bib la avan, li te twò long epi trò difisil pou konprann. E mwen pat santi li te vledi anyen pou yon moun tankou mwen. Men mwen vrèman remèsye w pou liv sa ou te voye a. Se yon ti tan

sou bò yo. Li fè wout li nan anpil moun,  
Mwen kwè ke li ede anpil nan yo.

Mwen konnen ke se Bondye ki sove nou men li te vrèman bèl pou nou te ka gen yon liv ki mete sa senp. Anpil nan nou antan ke pechè renmen liv sa. Nou te benefisye li, nou te sove pa li, epi si nou ka batize kounyea se gras a li. Madam Emma te di li vrèman enpotan pou w' te ka gen nouvèl mwen, men mwen dezole paske sa te pran yon ti tan. Mwen pa ekri trò byen, men ou bezwen konnen ki enpak liv sa te genyen. Li te fè wout li nan prizon yo, epi nan zanmi yo. Li te rann lavim pi fasil, li te rann lavi Alex ak Jimmy pi fasil tou. Nou konnen ke nou enpòtan kounyea. E ke Bondye renmen nou.

Mèsi a ou menm epi a legliz ou ki chita e ekri liv sa pou nou te kapab li l'. Mèsi paske ou ekri li, nan yon fason ke nou kapab konprann li. Mwen espere ke plis moun pral li l, e konprann koman yo enpòtan tou.

Lavim vin pi rich paske mwen konnen ke Bondye renmen mwen. Mwen eksite pou m' kapab ede frè mwen rive nan liy sa tou. Mwen te batize nan Rivyè lès la. Se kote mwen al peche pwason chak jou. Li te fè sa reyèlman enpòtan pou mwen. Ankò mèsì a ou menm e a legliz ou paske nou voye liv sa yo.

Mèsì paske nou fèl senp pou ke mwen te kapab konprann sa Bondye te vle mwen tandè. Pou tout tan nan dèt ou. Yon senp ti pechè pwason nan Nò Karolina.

**Kisa ki pi bèl pase sa ? Lwanj pou Bondye ! ke nou kontinye rejwi nan benediksyon li yo jan n'ap kontinye pataje ak kè kontan bòn nouvel Bondye a!**



## Ede nou pataje bòn nouvèl la !

Dènye enstriksyon ke Jezi te bay disip li yo se te, ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tout sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba. (Matye 28 :19-20).

Responsabilite sa te rele «gran komisyon an» nou pran sa trè serye. An reyalite, ti liv sa, menm jan ak vèsyon Espanyòl la, «Las Buenas Nuevas de Dios» Se yon repons de apèl sa. (Li disponib tou nan lang Chinwa, Fransè, Italyen, Arabik epi Alman (ak anpil lòt lang nan travay sa yo.)

Nou ta renmen envite w pou rantre nan efò ke nou ap fè pou nou mete liv sa disponib pou zanmi ou yo, fanmi, kòlèg travay, kliyan epi fanmi legliz yo.

## Liv Gratis yo

Pou fasilite distribisyon liv sa yo k'ap chanje lavi, nou mete yo disponib pou ou, gratis, tout tan ke nou genyen mwayen disponib pou fè sa. Pa timid pou mande sa ki ka ede w pataje bòn nouvèl la nan zòn ou.

Pou kapab reklame kopi gratis paw, kontakte nou nan :

[outreachchurch@outlook.com](mailto:outreachchurch@outlook.com)

Oswa voye demand ou nan  
Outreach church  
P.O. Box 52  
Hamilton TX 76531

Pou kapab telechaje yon kopi gratis nan vèsyon:

Bon Nouvèl Bondye a

Nan plizyè lang tankou Anglè, Espanyòl, Italyen, Arabik, E Mandaren/Anglè

Oswa pou aprann plis sou istwa liv sa ale sou :  
[www.goodnewsfromgodbook.wordpress.com](http://www.goodnewsfromgodbook.wordpress.com)

## **Kontakte nou pou yon Kou Bib pa korespondans oswa an liy resous etid Biblik**

Legal © 2012, Outreach church de kris, tout dwa rezève.

Liv sa kapab reprodwi nan nenpòt fòm (ekri, vizyèl, elektronik,oswa odyo) san pèmisyon legliz ki mete liv sa deyò a tout otan ke reproduksyon sa a ak distribisyon sa a konplete liv la, san yo pa fè koreksyon,modifikasyon, oswa

Chanjman, epi tout otan ke distribisyon yo bay gratis a moun ki resevwa l yo ak rekonensans orijin liv la bay. Nou mande tou, pou rezon de kiryozi, ou kite nou konnen konbyen kopi ou bay (ke nou espere k'ap anpil) epi tou repons ke ou resevwa de liv sa yo ke ou bay yo

Se pou Bondye beniw anpil !

Nòt : Vèsè de referans yo soti nan vèsyon Lwi Segon lan, english standa, epi Nou Vèsyon Entènasyonal de Bib la.

Nòt : FYI, nou kapab wè liv sa yo oswa achte li nan Amazon.com sou papye ki di (nan yon pri ki pi wo) ak nan edisyon kindle. Chèche anba «Dennis Ensor» pou pi bon rezilta.) Nou t'ap prefere ba ou yo gratis (depi nou ka jwenn yo nan yon pri ki pi ba), men nou te vle fe ou konnen lòt opsyon ki disponib yo.

## **Pou fè lis (kat kritik ki dwe fèt kounyea)**

. kote yo make liv (oswa ajoute nan preferans), sou laptop  
mwen, bon nouvèl la sou adrès sit sa :  
[www.goodnewsfromgodbook.wordpress.com](http://www.goodnewsfromgodbook.wordpress.com)

. Ajoute « Outreach church » ak adrès liv mwen pou mwen kapab  
kòmande plis liv lè mwen bezwen yo:  
P.O. Box 52, Hamilton TX 76531  
[outreachchurch@outlook.com](mailto:outreachchurch@outlook.com)

kòmande plis kopi de bòn nouvèl Bondye, pou mwen kapab  
rankontre bezwen moun ki poko gen Kris yo nan zòn mwen.

. Bay kopi bòn nouvèl Bondye a yon lòt moun pandan ke m'ap  
tann tout liv yo rive.

Kèk bon bagay pou nou konsidere

. Ekri yon ti nòt a nenpòt moun ki ban mwen liv sa, epi a Out-  
reach church la di yo kòman liv sa touche lavim epi kòman m'ap  
itilize l' pou ede lòt moun ki bò kote m.

. Veye sipò a Outreach Church, pou w kapab ede liv ministè bòn  
nouvèl grandi epi yo kapab preche plis moun.

. Priye priyè de remèsiman pou ministè sa epi pou direksyon  
Bondye nan ede moun ki poko sove yo.

Ou te resevwa liv sa tankou yon efò konjwen antre Outreach  
church la.



